# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–18 फरवरी 2026 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु नई दिल्ली में आयोजित 'इंडिया एआई इम्पैक्ट समिट' के दौरान विश्व के नेता लोगिन के साथे द्विपक्षीय बइठकी कइलें। येह दौरान ब्यौपार आ अर्थव्यवस्था के सथहीं डिजिटल क्षेत्र, नवाचार, स्वास्थ्य, जलवायु परिवर्तन अउर सिक्षा पर चरचा कइल गइल। येह बिच्चे समिट बदे वैश्विक नेता लगतारे नई दिल्ली पहुंचि रहल हवें। प्रस्तुत बा एगो रिपोर्ट–

**विदेश मंत्रालय ने सोशल मीडिया पोस्ट में कहा कि स्पेन के राष्ट्रपति सांचेज की यात्रा से भारत–स्पेन के संस्कृति, पर्यटन और एआई के दोहरे वर्ष के चल रहे समारोहों को और गति मिलेगी। मंत्रालय ने कहा कि सेशल्स एक करीबी और दीर्घकालिक समुद्री साझेदार है और शिखर सम्मेलन में उसकी भागीदारी हमारे लोगों के लाभ के लिए एआई का उपयोग करने तथा साझेदारी को और मजबूत करने का अवसर प्रदान करती है। मंत्रालय ने कहा कि मॉरीशस के प्रधानमंत्री रामगुलाम की यात्रा से डिजिटल सहयोग को और मजबूती मिलेगी, जो भारत–मॉरीशस संबंधों का एक प्रमुख स्तंभ बना हुआ है। समिट में हिस्सा लेने के लिए स्लोवाकिया गणराज्य के राष्ट्रपति पीटर पेलेग्रिनी और नीदरलैंड के प्रधानमंत्री डिक शूफ भी नई दिल्ली पहुंच गए हैं। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव 'इंडिया एआई इम्पैक्ट समिट' के तिसरका दिन्ने एगो अनुसंधान संगोस्ठी के उद्घाटन समारोह के सम्बोधित कइलें। उहां के कहलीं कि भारत वास्तविक दुनिया के समेस्या के समाधान बदे एआई पर मजबूती से धियान केन्द्रित कइ रहल बा।

**भारत एआई पर ध्यान केंद्रित कर रहा है। हम उद्यमों की उत्पादकता में सुधार, स्वास्थ्य देखभाल, कृषि, जलवायु परिवर्तन जैसी वास्तविक दुनिया की समस्याओं के समाधान के लिए एआई के इस्तेमाल पर ध्यान केन्द्रित कर रहे हैं और यह एआई शिखर सम्मेलन इसके लिए एक उचित अवसर है।**

श्री वैष्णव कहलें कि एआई शिखर सम्मेलन कई गो तकनीकी मामिलन पर बिचार–बिमर्स कइले क एगो खास मौका देला।

**हम विभिन्न तकनीकी मामलों पर चर्चा कर रहे हैं। यहां मौजूद विशेषज्ञों से मेरा अनुरोध है कि एआई को सुरक्षित बनाने के लिए ठोस सुझाव दें। एआई एक महत्वपूर्ण उपकरण है, इसका उपयोग मनुष्यों के लाभ के लिए किया जाना चाहिए, न कि संतुलन बिगाड़ने में।**

**********

उत्तर प्रदेश माध्यमिक शिक्षा परिषद–यूपी बोर्ड कै दसवां आ बारहवीं क इंतिहान आजु से सुरू हो गइल। प्रदेस के पचहत्तर जिलन में आठ हजार तैंतीस केन्द्रन पर ई इंतिहान हो रहल हौ। नकल विहीन इंतिहान खातिर मॉनिटरिंग आ सुरक्षा क कड़ेर इंतिजाम कइल गइल बा। इंतिहान में गड़बड़ी रोकले आ पारदर्सिता सुनिस्चित करे बदे उत्तर प्रदेस सार्वजनिक सुरक्षा अधिनियम दुइ हजार चउबीस लागू कइल गइल बा। एहमें अनुचित साधनन में लिप्त पावल गइले पर कड़ेर कार्रवाई क प्रावधान हौ।

**********

बसपा प्रमुख मायावती यूपी विधानसभा चुनाव पारटी के अकेल्ले लड़ले क ऐलान कइले हइनि। लखनऊ में उहां के आजु कहलीं कि बसपा अकेल्ले अपने बल–बूते पर चुनाव लड़ी आ कउनहूं पारटी से गठबंधन नाहीं करी। उहां के पारटी समर्थकन आ कार्यकरता लोगिन से दुइ हजार सात के तरियने अकेल्ले चुनाव लड़ि के पूरा बहुमत क सरकार बनवले क आवाहन कइलीं।

**********

श्रीराम मंदिर निर्माण समिति क अध्यक्ष नृपेन्द्र मिश्र आजु अजोध्या में कहलें कि श्रीराम मंदिर क निरमाण आखिरी फेरा में पहुंचि गइल बा। सथहीं परिसर के समग्र विकास पर तेजी से काम चलि रहल हौ। उहां के कहलीं कि अब मंदिर परिसर में बनि रहल संग्रहालय क बीस अत्याधुनिक गैलरियन पर खास धियान दीहल जा रहल बा। उहां के बतवलीं कि सज्जो निरमाण कार छौ से नौ महिन्ना में पूरा कइ लिहल जाई।

**********

प्रदेस क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा आजु लखनऊ में विशेष गहन पुनरीक्षण– एसआईआर से जुड़ल एगो महत्वपूर्ण प्रेस कॉन्फ्रेंस कइलें। उहां के कहलीं कि जवने लोगिन के नोटिस जारी कइल गइल बा ओह पर तेजी से काम हो रहल हौ।

**जैसा मैने पहले बताया कि एक करोड़ चार लाख ऐसे मतदाता हैं जिन्होंने पिछले एसआईआर वोटर लिस्ट से जो मिलान कराना था वो खाना बिलकुल खाली छोड़ दिया था। वो मैपिंग नही कराई थी। एक करोड़ चार लाख लोगों को नोटिस गया है। दो करोड़ बाइस लाख लोग ऐसे हैं जिन्होने मिलान तो करवाया था। उसमें कोई कार्य की विसंगति नही थी। संख्या अधिक की वजह से हो गया।**

**********

पच्छिमी उत्तर प्रदेस के मैनपुरी में आजु संझा भइल बरखा से लोगि जाड़ा महसूस कइलें। मौसम विभाग आजु प्रदेस भर में कहीं–कहीं बरखा आ गरज–चमकि के साथे बौछार परले क अनेसा जतवले हौ।

**********